

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sastra Sunda, dumasar kana waktu gelarna dibagi kana dua rupa, nya éta sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modérn. Genre sastra Sunda buhun aya carita pantun, wawacan, guguritan, mantra, sisindiran, jeung kakawihan. Genre sastra modérn aya sajak, novel, carpon, jeung drama. Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi kana tilu wangun, nya éta puisi, prosa, jeung drama.

Salasahiji genre drama Sunda nya éta longsér. Dina alam harita longsér mangrupa alat hiburan pikeun masarakat, tapi kadieuken mah longsér téh geus jarang kasebut deui. Pangna genre longsér melempem, lantaran carita-carita longsér anu dipintonkeun ti baheula geus teu saluyu deui jeung pangabutuh jaman ayeuna, ku sabab hésé néangan naskah longsér. Dina mimiti ayana longsér, biasana dialog téh ditambul kitu baé, tapi ka jaman béh dieukeun mah longsér téh geus maraké naskah.

Dina ieu panalungtikan struktural-sémiotik naskah longsér “Mad Toing”, jeung “Tiodédad” masalah anu dipedarna nya éta struktur drama anu ngawengku, téma, fakta carita (tokoh, setting, alur), sarana carita (puseur implengan, gaya basa), unsur drama (prolog, dialog, pembabakan adegan, *wawacang/side text*, *solilokui*, *aside*, epilog). Jeung ma’na (ikon, indéks jeung simbol) anu nyangkaruk dina naskah longsér anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan ogé dipedar ngeunaan tiori-tiori anu nyoko kana garapan, sedengkeun hasilna dijadikeun salasahiji alternatif pikeun pangajaran drama di SMA/MA/SMK.

Hasil analisis naskah “Mad Toing” nya éta: Téma anu kapanggih nya éta téma kamanusaan anu leuwih museur kana pasualan moral manusa dina nyanghareupan kahirupan; alur dina ieu naskah nya éta alur mérélé; tokoh anu jadi palaku dina ieu naskah aya 11 palaku, anu kabagi jadi 1 palaku utama jeung 10 palaku tambahan; latar anu kapanggih dina ieu naskah drama aya 10, kabagi kana 3 kritéria: latar sosial aya 6 (60%), latar géografis aya 3 (30%), jeung latar waktu

aya 1 (10%), hartina dina ieu naskah lolobana latar sosial anu nandakeun aya patali antara kahirupan sosial hiji masarakat di hiji tempat, mangrupa kabiasaan hirup, adat istiadat, tradisi, kayakinan, sawangan hirup, cara mikir, sikep jeung nu lianna anu kaasup latar spiritual.; tina ieu naskah longsér pangarang ngagunakeun puseur implengan persona kahiji, *first person*, gaya kuring; tina ieu naskah drama ogé kapanggih aya 10 gaya basa anu kabagi jadi sababaraha kritéria, nya éta gaya basa simile aya 2 (20%), gaya basa hiperbola aya 4 (40%), gaya basa ironi aya 3 (30%), jeung gaya basa eponym aya 1 (10%), hartina hartina dina ieu naskah lolobana diwangun ku paguneman anu ngandung sindir, nipu jeung pura-pura, saperti anu dilakukeun ku tokoh Mad Toing.

Unsur-unsur drama dina naskah “Mad Toing” dicindekkeun saperti kieu; kapanggih prolog anu pisan ngagambarkeun palaku, tempat kajadian, jeung gambaran awal lumangsungna carita; dialog dina ieu naskah drama aya 137 anu diucapkeun ku sakabéh palaku; ieu naskah teu kapaluruh ayana babak; adegan dina ieu naskah aya 10 anu kabagi kana adegan beurat/hésé aya dina adegan 8, adegan badéga/jongos aya dina adegan 1, 2, adegan leutik aya dina adegan 3, adegan kacau aya dina adegan 6, 7, adegan ngiket/suspénsé aya dina adegan 9, adegan hampang/hiburan aya dina adegan 4, adegan terbuka aya dina adegan 5 jeung adegan wajib aya dina adegan 10; *wawancang* kapanggih aya 24; teu kapanggih ayana *solilokui*, *aside*, jeung épilog.

Ieu naskah anu judulna “Mad Toing” miboga unsur sémiotik anu kaasup kana Indéks. Mad Toing asalna tina kecap Mutahir anu ngagambarkeun kaayaan jaman harita. Mimitina mah kelompok anu ngamén méré judul carita anu dipintonkeunna “Mad Tohir” tina kecap “Mutahir”, saterusna kecap éta dimangpaatkeun ku tokoh anu ngaranna “Mad Toing” dipaké nipu sangkan meunangkeun kauntungan. Tanda ikon anu kapaluruh aya 7 anu kabagi jadi 3 kritéria, nya éta ikon imagi aya 8 (85,71%), ikon diagramatis 0, jeung ikon métafora aya 1 (14,28%), hartina dina ieu naskah lolobana diwangun ku hal-hal anu mampuh nunjukeun sasaruuan citrawi jeung objék nu diacuna; tanda indéks aya 21 anu kabagi kana 4 kritéria, nya éta Indéks Kalakuan aya 13 (61,9%), Indéks Gerak-gerak aya 3 (15%), Indéks Gejala fisik aya 3 (15%), Indéks

Aktualisasi aya 2 (10%), Jadi dina ieu naskah leuwih loba indéks kalakuanna tibatan indéks nu séjén. Hartina paguneman-paguneman anu nyampak leuwih ngagambarkeun kaayaan anu ngawangun caritana; sedengkeun ikon simbol aya 11 jenis.

Hasil analisis tina naskah “Tiodédad” nya éta; tema anu kapanggih mangrupa téma kamanusaan anu nyaritakeun kana luhungna martabat manusa; alur dina ieu naskah nya éta alur mérélé; tokoh anu jadi palaku dina ieu naskah aya 13 palaku, anu kabagi jadi 1 palaku utama jeung 12 palaku tambahan; latar anu kapanggih dina ieu naskah drama aya 30, kabagi kana 3 kritéria: latar sosial aya 12 (40%), latar géografis aya 17 (56,6%), jeung latar waktu aya 1 (3,3%). Jadi dina ieu naskah anu judulna “Tiodédad” leuwih loba latar géografisna tibatan latar sosial jeung latar waktu. Hartina loba anu nuduhkeun tempat jeung gaganti tempat; tina ieu naskah longsér pangarang ngagunakeun puseur implengan persona kahiji, *first person*, gaya kuring; tina ieu naskah drama ogé kapanggih aya 20 gaya basa anu kabagi jadi sababaraha kritéria, nya éta gaya basa alegori aya 3 (15%), gaya basa hiperbola aya 5 (25%), gaya basa ironi aya 2 (10%), gaya basa litotés aya 2 (10%), gaya basa simile aya 3(15%), gaya basa épitét aya 4 (20%), gaya basa personifikasi aya 1 (5%) jeung gaya basa métafora aya 1 (5%), Gaya basa anu kapaluruh dina ieu naskah hampir sarua jumlahna, tapi gaya basa epitet anu panglobana. Hartina dina ieu naskah loba acuan anu nétélakeun sipat atawa ciri nu husus ti salasaurang atawa sagala hal.

Analisis unsur-unsur drama dina naskah “Tiodédad” nya éta: Kapanggih prolog anu ngagambarkeun pisan palaku, jeung kabiasaanna; dialog dina ieu naskah drama aya 207 anu diucapkeun ku sakabéh palaku; ieu naskah diwangun ku sababak; adegan dina ieu naskah aya 4 anu kabagi kana; Adegan 1 kaasupna kana adegan hampang, adegan 2 kaasup kana adegan ngiket/suspense, adegan 3 kaasup kana adegan kacau, jeung adegan 4 kaasup kana adegan terbuka; wawancang kapanggih aya 38; teu kapanggih ayana solilokui; aside anu kapanggih dina ieu naskah aya 1, dina ieu naskah ngandung epilog anu nunjukeun kumaha ahur caritana.

Dina ieu naskah anu judulna “Tiodédad” miboga unsur sémiotik kaasup kana indéks. Tiodédad asalna tina Tisolédad, ku sabab Bapa Baplang ngomongna di cadél-cadél rubah jadi “Tiodédad” .Anu kaasup ikon aya 10 anu kabadi jadi 3 kritéria, nya éta ikon imagi aya 10 (100%), ikon diagramatis 0, jeung ikon métafora aya 0, Jadi ieu naskah diwangun ku ikon imagi anu hartina sacara langsung miboga sipat ikonis anu nampilkeun kualitas-kualitas husus saperti mampuh nunjukeun sasaruaan citrawi jeung objék nu diacuna; sedengkeun tanda indéks aya 29 anu kabagi kana 4 kritéria, nya éta indéks kalakuan aya 17 (58,62%), indéks gejala alam aya 1 (3,44%), indéks fisik aya 4 (13,79%), indéks aktualisasi aya 7 (24,13%). Jadi ieu naskah diwangun ku ikon imagi anu hartina sacara langsung miboga sipat ikonis anu nampilkeun kualitas-kualitas husus saperti mampuh nunjukeun sasaruaan citrawi jeung objék nu diacuna; ikon simbol aya 11 jenis.

5.2 Saran

Aya sababaraha saran anu hayang ditepikeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

1) Pikeun Guru

Dina ngajarkeun pangajaran drama panalungtikan ieu bisa dijadikeun cecekelan sangkan guru leuwih teleb dina merhatikeun stratégi jeung léngkah-léngkah pangajaran, saperti: ngawanohkeun, interprétasi, jeung tahap rékréasi.

2) Pikeun Panalungtik

Perlu pisan diayakeun panalungtikan kana karya séjénna pikeun ngajembaran pangaweruh jeung nambahan bahan ajar.

3) Pikeun Bahan Pangajaran

Dipiharep panalungtikan ieu cocog dijadikeun bahan ajar dina pangajaran drama di SMA/MA/SMK.